

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No. :

SUMATIF AKHIR SEMESTER
MADRASAH IBTIDAIYAH FIE SABILIL MUTTAQIEN
TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari / Tanggal	: Senin, 01 Desember 2025
Kelas	: VI (Enam)	Waktu	: 09.15 – 10.30

I. Pilih salah satu jawaban yang tepat pada huruf a, b, c atau d !

1. Teks kang nduweni titikan menehi informasi marang sawijine bab utawa apa wae diarani teks
 - a. pawarta
 - b. dheskripsi
 - c. persuasi
 - d. informasi
2. Ing ngisor iki jinis-jinis teks informs, kajaba
 - a. teks fiksi
 - b. teks pariwisata
 - c. teks pawarta
 - d. teks persuasi
3. Unsur kang ngemot papan kadadayan ing sajrone pawarta iku diarani
 - a. what
 - b. when
 - c. where
 - d. why
4. Pagawean utawa profesi kang ngupaya golek lan nulis warta diarani
 - a. wartawan
 - b. narasumber
 - c. redaksi
 - d. wawancara
5. Informasi kang diandharake kanthi lisan (langsung) digiyarake lumantar
 - a. internet
 - b. kalawarti (majalah)
 - c. ariwarti
 - d. internet
6. Teks sing isine ngajak-ngajak, narik kawigatene liyan, lan ngyakinake wong sing maca diarani teks
 - a. pawarta
 - b. argumentasi
 - c. persuasi
 - d. pariwisata

7. Pawarta bisa diarani jangkep menawa ngemot unsur
 - a. 6W+1H
 - b. 5W+1H
 - c. 4W+1H
 - d. 3W+1H
8. Pawarta kang cakupane wilayah kabupaten utawa kota diarani pawarta
 - a. internasional
 - b. nasional
 - c. lokal
 - d. regional
9. **Wacanen kanthi pratitis**
 Bupati Trenggalek Emil Elestiano Dardak ngirim pesen ringkes marang kantor berita Antara, ngandarake yen wes dumadi prahara lemah jugruk lan banjir bandhang. Lemah jugruk lan banjir bandhang nrajang telung kecamatan ing kabupaten Trenggalek, yaiku kecamatan Munjungan, Gandungsari, lan Kampak.
 Miturut wacan ing ndhuwur, kalebu jenise teks
 - a. pawarta
 - b. deskripsi
 - c. persuasi
 - d. pariwara
10. Ing ngisor iki **ora** klebu perangane teks persuasi, yaiku
 - a. pangenalan konflik
 - b. pangenalan isu
 - c. rerangken argumen
 - d. pernyataan ajakan
11. Tembang macapat cacahé ana
 - a. 9
 - b. 10
 - c. 11
 - d. 12
12. Tembung pangkur asale saka tembung
 - a. mangku
 - b. mungkur
 - c. pangku
 - d. pangurip
13. Sing ngripta tembang Pangkur yaiku
 - a. Kanjeng Sunan Mayagung
 - b. Kanjeng Sunan Muryapada
 - c. Kanjeng Sunan Kalijaga
 - d. Kanjeng Sunan Bonang

14. Cacahing wanda saben sagatra diarani
- guru gatra
 - guru lagu
 - guru wilangan
 - sasmita
15. Saben tembang macapat nduweni paugeran lan watak dhewe-dhewe. Salah sawijiine yaiku tembang Maskumambang. Watake tembang Maskumambang yaiku
- prihatin, asih
 - sigrak, mrabawani
 - seneng, asih, tresna
 - sedih, kuciwa, nelangsa
16. Sikape awake dhewe tumrap tembang macapat, yaiku
- nglalekake
 - nglestarekake
 - ngowahi
 - ngejarke
17. Tibaning swara ing pungkasaning gatra diarani
- guru gatra
 - guru lagu
 - guru pada
 - guru wilangan
18. Ing ngisor iki sing ora klebu paugerane tembang macapat, yaiku
- guru gatra
 - guru lagu
 - guru wilangan
 - guru sastra
19. Tembung Pangkur klebu sawijine karya sastra tembang
- tengahan
 - macapat
 - ageng
 - dolanan
20. *Cipir mrambat kawat*
Jengkepene isi parikan ing dhuwur, yaiku
- ora mampir angger liwat
 - ora ngapa sing penting banter
 - aku seneng mangan cipir
 - manggis karenggat
21. Aku seneng mertamu menyang omahmu, amarga suguhane mbanyu
- mili
 - anyep
 - mampet
 - enak

22. Sing kelabu unen-unen basa Jawa, yaiku
- yogyaswara lan bebasan
 - paribasan, bebasan, lan saloka
 - keratabasa, yogyaswara, lan bebasan
 - bebasan, paribasan, pepindhan
23. Wong pinter mungsuh wong pinter iku ibarate
- bebek mungsuh mliwis
 - bathok bolu isi madu
 - asu marani gepuk
 - blaba wuda
24. Ing ngisor iki jinis unen-unen Jawa, **kajaba**
- paribasan
 - bebasan
 - saloka
 - geguritan
25. Cecak nguntal cagak, tegese
- wong kang melu-melu wae
 - gegayuhan kang ora imbang karo kekuatane
 - wong pinter mungsuh wong pinter
 - wong kang owah pikirane
26. Saben papan utawa dhaerah nduweni adat utawa tatacara dhewe-dhewe, kaya unen-unen
- ana catur mungkur
 - adigang adigung adiguna
 - desa mawa cara negara mawa tata
 - jer basuki mawa beya
27. Unen-unen "cecak nguntal cagak" iku kalebu
- bebasan
 - paribasan
 - saloka
 - yogyaswara
28. Bapak ... kopi
Tetembungan kang trep kanggo njangkepi ukara kasebut yaiku
- ngombe
 - mangan
 - dhahar
 - ngunjuk
29. Menara arep omongan karo bu guru, becike Santi nganggo ragam basa
- ngoko alus
 - krama lugu
 - krama inggil
 - ngoko lugu

30. *Bocah kuwi lungguhe anteng kitiran*

Tegese *anteng kitiran* yaiku

- a. tansah anteng banget
- b. tansah tengok-tengok nganti keturu
- c. tansah polah ora bisa meneng
- d. tansah ajeg ora biso obah